



Èske se kè wap kenbe  
**pou viv** sans asirans?

Kounyeya glen plis posibilite  
pou ou menm oubyen fanmi  
pou non viv **an sante.**

**PWOGRAM ASIRANS SANTE GRATIS AK  
PWOGRAM ASIRANS KI PA KOUTE CHÈ**

**TIMOUN . ADOLESAN . PARAN  
YON SÈL PARAN ak KOUP KI PA GEN TIMOUN**

Kounyeya li pi fasil pou ou menm ak fanmi w jwenn swen sante nou bezwen an. Nouvo pwogram asirans gratis ak pwogram asirans ki pa koute chè ansanm ak dènye chanjman yo pote nan Medicaid kapab ede w kouvri depans swen sante pou oumenm oubyen fanmi w.

**NYC**  
Health

Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal  
Lavil Nouyòk

Michael R. Bloomberg Majistra, Lavil Nouyòk  
Thomas Farley, MD MPH, Komisyone

## Poukisa Asirans Sante Enpòtan?

Li kouvri tout swen medikal ou resewa lè w malad. Epi tou li kouvri konsiltasyon regilye ki kapab ede prevwa oubyen trete maladi [tankou dyabèt(sik) oubyen opresyon] anvan yo vin twò grav, men sa asirans lan kouvri:

- ✓ Vizit doktè
- ✓ Sèvis sante mantal
- ✓ Swen dantè
- ✓ Radyografi & egzamen laboratwa
- ✓ Iminizasyon
- ✓ Egzamen je ak linèt
- ✓ Swen lopital
- ✓ Preskripsyon medikaman

## Pwogram Asirans ki disponib\*

**Child Health Plus** ofri asirans sante gratis oubyen ki pa koute chè pou timoun ki poko gen 19 an epi ki pa kalifye pou Medicaid.

**Family Health Plus** ofri asirans sante gratis pou granmoun kap travay men ki pa touche anpil kòb, granmoun ki pa gens asirans (laj 19 - 64) epi ki pa kalifye pou Medicaid.

**Medicaid** ofri asirans sante gratis pou timoun kap travay men ki pa touche anpil kòb epi pou granmoun. Timoun ki poko gen 21 an gen yon garanti anplis pou tout tès, tretman, asistans pou pran randevou epi transpòtasyon ki nesèsè, yap jwenn sèvis sa yo nan Pwogram Sante Timoun/Adolesan.

Ou sèvi ak yon sèl aplikasyon pou tout pwogram sa yo.

## Wkote pou M ale pou M resewa Swen Medikal?

Pi fò moun ki kalifye pou asirans sante ap resewa swen medikal yo nan yon pwogram de sante (health plan), epi yo fèt pou mache kay doktè ak lopital ki aksepte pwogram de sante sa a. Li enpòtan pou chèche konnen ki pwogram de sante doktè w la aksepte anvan ou chwazi yon pwogram de sante. Yon konseye kap anwole moun wa ede w chwazi pwogram de sante ki pi bon pou ou a.

## Map Travay. Èske Malgre sa Mwen Toujou Kalifye?

Plizyè fanmi kap travay ak kèk lòt moun kalifye pou resewa asirans sante gratis oubyen asirans kip a koute chè. Tout fanmi pa menm. Sa yo se sèlman kèk egzanp:

- **Granmoun ki pa gen pitit** *revni pa mwa*
  - Selibatè: jiska \$903
  - Koup: jiska \$1,215
  - jiska \$2,757
- **Paran** *nan yon fanmi kat moun*
  - jiska \$3,675
- **Yon fanm ansent** *nan yon fanmi kat moun*
  - jiska \$7,350
- **Timoun** *nan yon fanmi kat moun*

*tablo ki efektif depi 4/1/2009, li kapab chanje chak ane a*

## Konsènan Eitati Imigrasyon. Ki Ka M?

Ou pa bezwen sitwayen ameriken pou w kalifye pou yon asirans sante. Pi fò granmoun ki se imigran epi TOUT timoun ak TOUT fanm ansent kalifye si yo ranpli lòt kondisyon pwogram nan mande yo. Imigran ki pa kalifye pou asirans kapab kalifye pou yo resewa èd pou yo peye depans swen medikal yo resewa annijans.

## Kijan Pou M Anwole?

Kounyeya li pi fasil pou w aplike pase jan li te ye anvan. Genyen anpil zòn kote ou jwenn konseye pou ede w anwole. Gen èd ki disponib tou pou moun ki pa pale anglè. Rele HealthStat nan 311 pou jwenn enfòmasyon si w kalifye epi kibò ou kapab anwole nan vwazinaj ou a.

Rele HealthStat nan **311**  
TTY **1-212-504-4115**  
[www.nyc.gov/health](http://www.nyc.gov/health)

\*Epi tou gen Medicare ki disponib pou moun laj 65 an oswa plis, gen moun ki andikape epi moun ki nan dènye faz maladi ren. Si w gen kesyon, rele 1-800-633-4227.